

Bible lessons. **Lesson 38. WHAT AN ATTITUDE/ JOSEPH REVEALS HIMSELF TO HIS BROTHERS**

Genesis 44:1-2; 11-17

Memory verse: **“Therefore if your enemy is hungry feed him. If he is thirsty, give him a drink; for in doing so, you will heap coals of fire on his head.” Romans 12:20**

IMYIFATO YAKARORERO/ YOSEFU YIBARIRA BENESE.

Icirwa ca 55

Itang. 44:1-2; 11-17

Ijambo ngenderwako : **« Ariko, umwansi wawe ni yasonza, umugaburire, niyagira inyota umuhe ico anywa ; kuko niwagira utrye, uzoba umurunzeka amakara yaka ku mutwe. » Rom. 12:20**

I. Intangamarara

Yosefu yaravuye mu munyororo w’akarenganyo, yabaye umushikiranganji wa mbere wa Egipta. Mbe icyo azotangura gukora ni igiki ? Agira ace arungika ingabo i Kanani bamuzanire benewabo abice ? kuri Potifari canke mukiwe arabakorera iki ? Uyu musu tugiye kuraba imyifato yagize aho aboneye bamwe benewabo bamugurisha bizanye gusuma indrya muri Egipta aho ariwe ajejwe vyose.

II. Yosefu ageza benewabo

soma Itang. 44:33-34

Imbere yuko Yosefu afata ingingo yukwibwira benewabo, yabanje kubashira mugipimo, kugira arabe ko vyukuru boba barihanye, bagahinduka, batagifise umutima w’ubwicanyi nk’uwo bamugizeko. Na cane cane abapimira kuri mutoya wiwe kugira arabe ko bemera kumuhebera muri Egipta. Vyokwerekanye ko ya nzigo yuko batavukana kuri nyina bakiyifise.

Babaye batahindutse boshoboye gukora ibintu bibiri :

1. Boshoboye kuvuga bati : Reka ako gahungu Benyamini kabe umuja wiwe kuko ntitwomurutisha Data n’abagore bacu bari i Kanani baturindiriye ngo tubashire ivyo kurya. Ngira Imana yashatse azopfe urwo mwenewabo Yozefu yapfuye.

Ntibabikoze uko. Kuko **umur. Wa 13** haratwereka ko bakibona icyo gikombe mu mufuko wa Benyamini baciye bitantaburira ko impuzu zabo, ikindi **umur wa 33**, Yuda aravugaga ati : **« None rero ndakwinginze, nsigare mu gishingo c’uyu**

muhungu mbe umuja wawe mugenzi. » Mwibuke ko hari haheze imyaka 25 baramugurishije.

2. Amaze kubashira mu rugo rwiwe, bomukoreye ikindi kibi nk'ica mbere. Bakamubeshera ku Mwami.

Siko babikoze, baricujije, barakizwa, barahinduka... **Itang. 42:21** « turiko inkurikizi ya murumuna wacu, si ikindi.

3. Urakwiye kumenya neza uwo mukorana ko vyukuri yakijijwe canke akirimwo impwemu y'ububi. Muzobamenyera kuvyo bama. Bitari uko, mubwire ijambo ry'Imana gushika ahindutse, ni wamubonamwe amakenga, muhebe ntazogute mu manga.

III. Yosefu yibarira bene wabo

Soma Itang. 45:1-9

Yosefu ntiyaba agishobora kwiyumanganya. Amaze gusohora abandi bose, araturikisha ararira mu giheburayo ati : « “Ana Yowceph,” , “Ana Yowceph!” .

Umur wa 3-5. « Erega ni jewe Yosefu ! aho Data aracariho ? ... ni munyegere..., none ntimubabare ngo mwirakire kuko mwanguze ngashorwa ino,.... »

Baramuraba ingene asa, yambaye, yubahwa, babura uko bifata imbere yiwe.

Umur wa 15 « **Agumbira benese bose, abaririrako, bararemerana bayaga nawe** »

Birumvikana ko batanguye kuyaga mu rurimi rw'iwabo, ati : Mzee amerewe gute ? babahungu twakurana bameze gute ? Ahamagara umugore wiwe n'abahungu biwe Efurayimu na Manase arababereka, ati Imana yangiriye neza. Ikiyago kirakomera. Mbega imyifato y'akarorero.

IV. Gushira mu ngiro : Tugire imyifato nk'iya Yosefu.

Mbega Yosefu yaboneka ari uwuhambaye kubera ari umushikiranganji wa mbere ? oya namba. Yabaye uwuhambaye kubera ibintu bibiri :

1. Yabaye umwizigirwa imbere y'Imana, Umwami n'abantu. Akora ivyo yanshinze neza. Ntiyihora muka Potifari ngo umusubirize mu nkoko. Anezereza Imana, nayo igumana nawe muri vyose. Benewabo bamwikubise imbere ; baravuga ngo : Turi abashumba bawe. Nawe ati oya namba ni muhaguruke mwibere amahoro.

2. Ikindi, Yakujije muri we umutima w'imbabazi kuri uwo wese yamukoreye ikibi. Uwamukoreye ikibi wese, amubona nk'umukozi w'Imana. Mugihe

wokwakira iyi myifato ya Yosefu, Imana izotebuka kugushitsako amasezerano yawe.

-Tabura urupapuro wanditseko uwagukoreye ikibi wese, bamwe urasanga bafise icumba cagutse mu mitima yabo, cugaraniyemwo abantu n'ibibi bamukoreye. Ighe cose bamubonye canke bagize ico bapfa, bihutira kugurura ca cumba mukumutoteza akoresheje ivyo yibuka yamukoreye kera.

- Urasanga umugore canke umugabo wiwe ivyababayeko kuva bagitwarana bikiri mu mitima yabo, bagahora babitukana. Ikibabaje bama bararirira Imana ngo ibahezagire. Ntibizokunda ukikoreye abantu bakugiriye nabi. Uwo muzigo, ni bariyeri y'inyishu yawe. Uyu musu urashobora kubatura, ukakira umugisha wawe Imana yaguteguriye kuva kera.